


Mwana waMwari

Angarasika here ?

J. C. Choate



Mwana waMwari angarasike here?

J. C Choate

Vazhinji muzvitendero vanodzidzisa kuti kana munhu achinge aponeswa, anoramba achiponeswazve, haagoni kurasika, haakwanise zve kutadza kusvika pachiyero chekurasika. Kutsigira Dzidziso iyi ngativerenga magwaro anoti: Johane 10: 27, 28: *"Makwai angu anonzwa izwi rangu; neni ndinoaziva, uye anonditevera. Ndinoapa hupenyu husingaperi; haangafi nekusingaperi, uye hakune munhu ungaabvuta muruvoko rangu."* Imwe ndima yavanofarira vaRoma 8: 35-39: *"Ndianiko uchatiparadzanisa nerudo rwaKristu? Kutambudzika here kana nhamo, kana kuvengwa, kana nzara, kana kushaiwa zvekufuka, kana njodzi.....kana chinhu chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzanisa nerudo rwaMwari, ruri munaKristu Jesu, Ishe wedu."*

Bhaibheri rinodzidzisa here kuti munhu akaponeswa haarasike? Ndima idzodzo dzinosimudzira here Dzidziso iyi?

Ichokwadi kuti kana munhu achinge ava muKristu, mwana waMwari, mumwe wevarimukereke yaShe, achangoramba ari mwana waMwari uye mumwe wevari mukereke yaMwari yaakafira. Kana munhu achinge azvarwa patsva, (Johane 3: 3, 5, haagoni kuzvarwa rwechipiri.

Kunyangwe nemumhuri dzedu mwana, anogona kusaterera kusvika vabereki vake vamuramba, nekudaro magwaro anoratidza kuti kunyangwe muimba yaMwari inova imba yoMweya, mwana anogona kusaverengwa panhaka yababa.

Zvoreva here kuti zvinopesana nemagwaro? Kuti zvakataurwa kunaJohane nevaRoma handizvo. Asi shoko roga roga rakafemerwa naMwari nderezvokwadi! Asi zvakafanira kuti munhu atadze kunzwisisa zvarinoreva, kana kutsanangura zvisizvo

zvinoita kuti pave nekupesana kweshoko raMwari.

Jesu anoti kudini kuna Johane 10? Haana kutaura kuti hazvina kufanira kuti rimwe yemakwai ake rirasike. Zvaiedza kutsanangurwa ndezvekuti *hakuna munhu kana mweya* une simba rekukurira makwai ake nokuti unomachengetedza. **Jesu ane simba rekuchengeta avo vose vanozvipa kwaari.**

Kuna vaRoma 8 zvimwechete zvo zvinotaurwa. Hakuna chinhu chakasikwa chingatiparadzanisa nerudo rwaMwari. Jesu anotaura Mumunyengetero wake kuna Johane 17: 12, "*Ndichiri navo, ini ndaivachengeta muzita renyu, ramakandipa, ndakavarinda, hapana nomumwe wavo wakarashika, asi mwnakomana wokurashwa, kuti rugwaro ruitike.*" Kutaura kwaJesu mumazwi ake zvinoratidza uyo wakanga ari wake akanga arasika. Nekuti wakatendera satani kupinda mumoyo wake akamuidza kuti apandukire Jesu; tisingatarisi Petro wakamuramba asi wakazoregererwa paakatendeuka, Judas wakarashika zvekusadzoka zve nekuda kwekuti wakatora hupenyu hwake.

Asi zvose izvi zvakaitwa nesarudzo yemunhu. Ichokwadi kuti pasi pano hakuna une simba rekutibvisa mumaoko aMwari- asi nekuda kwesarudzo dzedu tinogona kubva kwaari, torasika zvehupenyu hwese. Dai zvaisava izvo Mwari vanga vasina kuenzanisa kana vaimanikidza vanhu kuti varambe vari kudivi rake kunyangwe vachida kubva kwaari. Kubva pakutanga haana kubvira ambopindira pasimba rekuti munhu aiite zvaanoda iro raakapa kuna Adamu naEva, nekune vanhu vose vakavapo kubudikidza naivo.

Dai zvisina kufanira kusiya Mwari torasika ndima zhinhi dzemagwaro dzinokurudzira kutendeuka nekuraira kuipa kwekurasika zvaifanira kusavapo uye ari manyepo. Regai titarise ndima dzinotevera:

- "*Uve wakatendeka kusvika parufu, ndigokupa korona yehupenyu.*" (Zvakazarurwa 2: 10).
- "*... wakasiya rudo rwako rwekutanga. Naizvozvo rangarira pawakawa, utendeuke, ugoita mabasa ako ekutanga; kana usingaiti saizvozvo, ndichauya kwauri, ndikabvisa chigadziko chako chomwenje panzvimbo yacho, kana*

usingatendeuke.” (Zvakazarurwa 2: 4, 5).

- *“Mumwe nomumwe, unotungamira vamwe, asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu, haana Mwari, asi, uyo unorambira mukudzidzisa , ndiye unababa nomwanakomana.”* (2 Johane 9).
- *“Nokuti vamwe vatotsauka vachitevera Satani.”* (1 Timotio 5: 15).
- *“...pakuguma kwenyika. Mwanakomana womunhu uchatuma vatumwa vake, vagounganidza muvusha hwake zvose zvinogumbusa, navanoita zvisakarurama, vachavakandira mumoto; ipapo pachava nekuchema nokogeda-geda kwemeno.”* (Mateo 13: 37-43).

Mwari wakagara wapa munhu rusununguko rwesarudzo, yekuda kana kuteverera iye kana kumusiya. Adamu naEva vakasikwa vari vanhu vakarurama. Hapana kutadza kwaiva pavari. Vainge vakachengetedzeka naMwari. Asi vakasarudza kusaterera Mwari, vakawira muchivi, kana isu nhasi tinogona kuwira muchivi nekuda *kwesarudzo dzedu kuti titevedzere kuipa tichisiya kunaka.*

Nyaya yemwanakomana muparadzi ndiyo muenzaniso wakazara unotiratidza kuti mwana waMwari anogona kurasika. Asi dai mwanakomana uyu asina kusarudza kudzoka kumba mazuva ake aizoperera kupi? Akarasika arikure nababa vake. Mumwe wevamwe vedu anogona kusarudza kurasika.

Kunyangwe zvakadaro tinoziva dzidziso dzakadzidziswa zvakasimba naJohn Calvin mumwe wevatungamiri vemakore anezviuru gumi nemashanu. Dzidziso yake inonzi “Kutsungirira kwevatsvene”, Rinotaura kuti kana munhu achinge aponeswa, rutendo rwake rwunobva kune zvinoitwa nesekeke reCatholic rekumanikidza vanhu kuti vape zvipo kukereke kuti varipire hama dzavo kubva kuPagatori (Dzidziso dzemaCatholics dzinotaura kuti kana munhu achinge afa anoenda kunzvimbo yekutongwa kusvika akwanisa kucheneswa nemunyengerero, kana zvipo zvakagadzirirwa ivo). Tisingatarisi zvavanotaura pamusoro pedzidziso iyi, magwaro anozadzisa- sezvataona muchidzidzo

chipfupi chapfuura- chichiraira kuti tinofanira kutendeka kunaMwari or tiona kurasika zvachose. Shoko raMwari haridzidzisi “zveKutsungirira kwevatsvene” kana Dzidziso “dzePagatori”, asi rinoti, “*Uve wakatendeka kusvika parufu, ndigokupa korona yehupenyu.*” (Zvakazarurwa 2: 10). Mateo 25: 41 inotaura mugumo wekusaterera.

WORLD EVANGELISM TRACTS